

15 jen 2020

Chè fanmi,

Mwen espere w te pase yon bon wikenn. Mwen ta renmen pataje enfòmasyon kòlèg Vil la ba nou sou 2 gwo aksyon ou ka fè imedyatman pou yo tande vwa w sou lavni vil nou an: ranpli Resansman Etazini 2020 an, epi vote nan eleksyon primè an nan dat Madi 23 Jen an. Men sa ou bezwen konnen:

Kòman pou vote nan Eleksyon Primè 23 jen an

Mwa sa a, eleksyon primè yo ap fèt nan tout Vil Nouyòk la. Ou ka konfime ki moun ki kandida ak pou ki plas nan distri w la nan nyc.pollsitemlocator.com

Men kòman w ka vote:

Vote pa lapòs

- Pou nou kapab evite COVID-19 la simaye toupatou, tout moun ki abite Nouyòk kote ki gen Eleksyon primè ka vote pa lapòs. Ou dwe mande bilten w pa lapòs avan **Madi 16 Jen**, ke ou ka fè sou entènèt nan nycabsentee.com, nan telefone 1-866-VOTE-NYC, oswa pa lapòs
- Pou moun sa yo ki lwen lakay yo, ou ka mande pou yo voye bilten an kote w abite kounye a. Lè w resevwa bilten w lan, ou dwe ranpli l ak poste li avan **Madi 23 Jen**. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou vote.nyc

Vote an pèsòn

- Vote an pèsòn, ladan vote byen bonè, toujou disponib. Ou ka fè sa pandan peryòd vote byen bonè depi kounye a jiska **Dimanch 21 jen**, oswa **Jounen eleksyon 23 jen**.
- Si posib, nou rekòmande w pou ale vote bonè, lè yo atann pou foul la pi piti ak pou liy yo pi kout. Pou jwenn lokal pou ale vote bonè, lokal vòt la, ak lè lokal vòt la ap fonksyone, ale nan nyc.pollsitemlocator.com
- Pou enskri pou vote nan pwochen eleksyon yo, fè mizajou nan enskripsyon w lan ki egziste an, chèche jwenn lokal vòt yo voye w la, tcheke estati enskripsyon w lan, oswa pran plis enfòmasyon sou vote nan eleksyon, **ale sou voting.nyc oswa telefone 311.**

Kòman pou ranpli Resansman Etazini an

Resansman se konte chak moun nan popilasyon Etazini an ki fèt yon fwa chak 10 zan. Li enpòtan anpil pou ranpli l paske li detèmine resous esansyèl pou edikasyon ki disponib nan Vil Nouyòk, ansanm avèk lòt avantaj enpòtan gouvènman an ak reprezantan elektoral.

Ane sa a, ranpli Resansman an pi fasil ke jamè. Ou ka ranpli li nan 5 minit, nan kenz lang, sou entènèt nan my2020census.gov or **nan telefòn** nan telefone 844-330-2020.

Resansman an **pa** gen ladan kesyon sou sitwayènte. Menm si ou pa gen papyè, ranpli resansman an **pa p** mete ni oumenm ni fanmi w andanje. Lwa federal pwoteje repons resansman ki se bagay prive, epi yo pa pral janm pataje yo avèk NYCHA, ICE, HRA. Depatman Biding, ni nenpòt lòt ajans gouvènman--oswa pwopriyete kay ou.

Yo bezwen konte fanmi w ak oumenm paske rezilta Resansman an detèmine finansman lekòl, tankou sibvansyon edikasyon espesyal, plis founiti klasik, teknoloji yo bezwen an ijans, ak plis pwofesè pou salklas nou yo. Li ede

tou nan mete fon pou Sant aprantisaj pou debitan, Pwogram jèn ki lekòl ak sa ki pa lekòl (In-School and Out of School Youth Programs), pwogram gadri timoun, ak lòt bagay ankò.

Resansman an sèvi tou pou anpil lòt objektif enpòtan ki pa gen rapò avèk edikasyon. Li gen ladan finansman pou avantaj Pwogram asistans Nitrisyon siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), swen lopital, lwaye bon mache, ak lòt avantaj ankò. Anplis, Resansman an afekte kantite reprezantan chak eta voye nan Kongrè ak vòt nan Kolèj Elektoral la.

Kounye a plis pase avan, nou bezwen pou parèt ak ede asire ke tout moun ki abite Nouyòk konte! Lè yo byen konte tout moun, sa pral pote resous nou bezwen pou vil nou an pandan n ap retabli nan epidemi an ak enpak ekonomik li.

Patisipasyon w kòm sitwayen enpòtan anpil pou bon jan demokrasi. Mwen swete resous sa yo itil oumenm ak tout fanmi w.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk